*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№-8
(9753)

2016 соналъул
19 февраль

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## БАРКИ

ВатIан цIунулесул къо-23 февраль баркулаго, дие бокьун буго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе, гьезул хьизан-лъималазе, рагъулгун захIматалъул ветеранaзе, тылалда гIакъуба бихьaразе гьаризе тIоцебесеб иргаялда щулияб сахлъи, лъималаздаса рохел.

Биччанте нужер бахIарчилъи, къохIехьей, ВатIаналдехун бугеб рокьи букIине чIагояб мисаллъун гIун рачIунел гIелазе.




## АФГЪАНИСТАН-НИЛЪЕР ЧIУХIИ ВА БУХIИ

Советияб Союзалъ Афгъанистаналъул ракьалде жидерго аскар бачана 1979 соналъ. Гьениб бараб ичIго соналда жаниб Афгъанистаналде витIана 600 000 рагъухъан.

Гьенив шагьидлъана 15000 солдат, 200-яв тIагIана араб бакI лъачIого. 1988 соналъул апрель моцIалъ гьабураб Женевалъулаб Соглашениялда рекъон «О политическом урегулировании конфликта» 15 маялъ СССРалъ байбихьана аскар ВатIаналде гочинабизе. Ахирияв солдатас Афгъанистаналъул гIорхъи бахана 1989 соналъул 15 февралалъ.

Нилъер ВатIаналда щибаб санайил кIодо гьабула гьеб къо. Гьединан районалъул администрациялдаги тIобитIана афгъанисталъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIигун дандчIвай.

Гьезда гьеб къо баркулаго, районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас ракIалде щвезаруна дол рикIкIадал сонал.

-ХIурматиял ветеранал, тIоцебесеб иргаялда баркула нужеда гьаб къо. Жакъа 27 сон тIубалеб буго СССРалъ жидерго аскар гьеб рагъул корониса нахъе бачаралдаса. Нилъеда лъала гьенир гIумруялдаса ратIалъараблъи Совет Союзалъул 15000 чи. Гьаб къо ккола ракIалде щвеялъул, ва бухIиялъул къо. Лъидасаго лъикI нужеда лъала щиб жо кколебали рагъ. Нужеда лъай, ВатIаналда цебе борхараб нужер борч бахIарчилъиялъул мисаллъун букIин. Нуж ккола ВатIаналде бугеб рокьиялъе мисаллъун.

Цойги нухалъ баркула ва баркала загьир гьабула нужее районалъул администрациялъул, депутатазул ва жамагIаталъул рахъалдаса. Гьарула талихIаб, сахаб ва халатаб гIумру.

Хадувго кIалъана херазул Советалъул председатель Камалудин ШагIбанов. Гьес абуна КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранал дагьлъун ругин, ругелги талхун ругин ва росабалъ гIолилазулгун насихIаталъулал хIалтIаби афгъаналъулаз гьаризе ккезе ругин. Баркана гьезда 27-юбилей, ракIалде щвезаруна дол сонал, баркала загьир гьабуна ВатIаналда цебе бахIарчиго борхараб борчалъухъги.

Жиндирго кIалъаялъулъ афгъанистаналъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчи Герей Мусаевас баркала загьир гьабуна жидедехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ. Бицана 15 февраль гьезул гIумрудулъ хассаб къо букIиналъул. Герейица абуна кIудияб кумек гьабунин жидее дол соназ школалда НВП-ялъул дарсал рукIиналъги. Гьес лъикIаблъун рикIкIунеб бугоан цIидасан гьединал дарсал школазда рукIизе ва нилъер лъималги рагъулаб ишалъе ругьунлъизе.

Дандельиялда кIалъазе рахъаразул щивас баркана афгъаналъулазда 27 юбилей. Гьарана битIккей ва рекъел.



## РАЙОНАЛДА-ТIАДЕГIАНАБ ХЪУЛУХЪАЛЪУЛ ГЬАЛБАЛ

Араб анкьалда хъулухъалъулаб сапаралъ нилъер районалде вачIун вукIана Севернияб Кавказалъул ишазул рахъалъ Россиялъул министрасул советник Ризван ГъазимухIамадов.

Цадахъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевгун ва ДРялъул Минсельхозпродалъул гIи-боцIул управлениялъул начальник Юсуф Юсуфовгун Р.ГъазимухIамадов щвана гIиялъажоялъул гьан босулеб цехалде. Гьез хал-шал гьабуна цехалъул ва гара-чIвари гьабуна гьеб предприятиялъул коллективгун.

Цехалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадаминовасул баяназда рекъон цо сордо-къоялда жаниб цехалде босулеб буго 100 гIиялъажоялъул гьан. Гьенибго гьес абуна предприятиялъул рес бугила цо сменаялда 250 гIиялъажоялъул гьан жанибе босизеги.

Ризван ГъазимухIамадовас абуна гьадинаб хассаб, гIиялъажоялъул гьан босулеб предприятие Дагъистаналда цоги гьечIилан. Гьединлъидал, къватIисел хIукуматаздаса босулеб гьан нилъерго



продукциялъ хиси мурадалда (импортозамещение) гьединал предприятиябы гIемер рукIине ккола ланги абуна гьес.

Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас абуна кватIичIого гIи-боцIи хьолеб цехги рагьизе бугин ва гьелъ рес кьезе бугин предприятиялда Болъихъ районалъул гуребги, сверухъ ругел ГIахьвахъ, Гумбет, ва ЦIумада районаздаса гьан босизе.

Районалъул бетIерас гьенибго абуна бугеб къуваталда гьеб комплекс хIалтIизе лъугьани, цо лъагIалида жаниб 130 азарго гIиялъажоялъул гьан жанибе босизе ва гьеб хIалтIизабизе гIурал ресал ругин гьелъул абун. Гьелъ нилъер тIалъиялда гIи гIемерлъиялъе гуребги, гьелъул тайпа лъикIлъизабиялъеги квербакъиги гьабизе буго,- янги абуна гьес.

***Ж.АХIМАДУДИНОВА***

# «ГІОЛИЛАЛ-НАРКОТИКАЗДЕ ДАНДЕ»

Гьал къоязда Культураялъул рукъоб тІобитІана наркоманиялде данде хІалтІи гьабиялъул «Молодежь против наркотиков» абураб ахІиялда гъоркь профилактикалъулаб тадбир.

Залалда рукІарал школазул цІалдохъабазе тІоцебесеб иргаялда бихьизабуна «Трезвая Россия» абураб видеоролик.

Гьениб якъинго бицунеб ва бихьизабулеб букІана наркотиказгун гьекъолдиялъ инсан киве вачуневали, гьелдаса бугеб балагьалъул, заралалъул, унтиялъул. АхІи балеб букІана сахаб гІумруялде кІвар кьеялде.

Гьеб тадбир рагьана ва бачана Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул директор ГІиса Окиевас.

-Жакъа къоялда Россиялда цере руго рорхизе кколел гІемерал суалал-экономикаялъул, социологиялъул ва гь.ц. Амма бищун цебесеб кьерда буго «наркомания» абураб балагьаб суал унти Гьелде данде гьабулеб буго кІудияб хІалтІи. Гьединалго хІалтІаби гьарулел руго Дагъистаналдаги, мугІрузул, районаздаги. Кьерун чІун гьечІо гьеб рахъалъ нилъер районги. Нилъ ракІарун руго гьанир тІаде бачІунеб балагьалъул бакІлъи бичІчІинабизе, цадахъ лъугьун наркоманиялде «нет» абизе. РакІалде ккола, цадахъ лъугьун гьелде данде къеркьани, хІасил кьелин абун. Гьеб мурадгун жакъа гьанире рачІун руго УФСКНалъул оперуполномоченный АхІмад Темирханов, полициялъул подполковник Хасайбат Валиева, районалъул имамасул заместитель ХІусен Расулов, Дагъистаналъул буссурбабазул идараялъул хІалтІухъан Шамсудин Шамсуев.

Окиевас тІоцебе кІалъазе ргІи кьуна ХІусен Расуловасе.

-Ассаламу гІалайкум хириял цІалдохъаби! Нилъеда лъазе ккола халкъалда гьоркьоб «Наркотикалъе» кинаб бугониги бакІ гьечІолъи.

Щаяли лъаларо цІакъ «Модно» бихьулеб пайдаги мукъсанаб букІине буго. Умумузул аби буго: «Хьоподаго кьуричІони, тІилиде буссиндал гьеб кьурун бажаруларо, гьеб бекула» -абураб. Нужеда кодоб буго нужерго гІумрудул метерисеб къоялъул кІул. Гьеб кинаб букІинебалиги нужедаго




буго нилъеда наркотикал хІалтІизари, хъалиян цІай, мехтулеб жо гьекъей. Нилъеда лъазе ккола сунда тІад бижараб жо бугебали гьеб наркотик ва хъалиян абулеб жо. Гьеб буго щайтІаналъул чороклъиялда тІад тІирщараб жо. Жакъа нуж руго гІолеб гІел, нуж куцизе ва гІезаризе кьун руго эбел-эмен, школалда учительзаби, мадрасалда мугІалимзаби, дибирзаби. ГІун бачІунеб нужер гІумру релъуна тІирщараб гьотІода.

Гьелъие кколеб хъулухъ гьабичІони, гьелде кІвар кьечІони, гьелдаса бугеб бараб буго.

ХІисаб гьабун бихьеха, школалда цІалулелги гьечІони эбел-инсуца малъараб гьабулебги гьечІони, метер щиб нужедасан бажарилеб? Жакъа гьабизе кколеб жакъа гьабичІонани, метер кІоларо.

Наркотикал-гьеб буго бизнес цо чиясе пайдаялъе хІалтІизабулеб, гІолилаздасан пайдаги босун. Вореха нуж гьелъ гуккизе чІоге. КІочон тоге, гьеб буго заманаялъул иш. Метер гьелда ракІ бухІизе буго. ХІаракат бахъизе ккола батулеб жоялъулъ. Наркотик-гьеб ккола инсанасул гІакълу инабулеб жо, гьелъ рачуна нич тІагІиналде, чидае зарал гьабиялде. Гьунарлъун бихьизе бегьуларо диналъул вацасе, яцалъе гьабулеб заралги, хІалихьалъиги. Гьелъ инсан суризе гьавула. Абула къуватав муъминчи лъикІав вугин загІипасдаса, Аллагьас тавпикъ кьеги битІараб нухда хьвадизе.

Хадув кІалъазе вахъана Дагъистаналъул буссурбабазул идараялъул хІалтІухъан Шамсудин Шамсуев.

-Ассаламу гІалайкум цІалдохъаби, гьалбал. ГІун бачІунеб гІел, гІолилал ругин абизе бегьула районалъул гьумер. Гьезул хьвада-чІвадиялде балагьун кьола районалъе къимат. Жив-живас тІаса бищула жинди-жиндир нух. Амма щивасда лъазе ккола киве жив унев вугевали. Лъазе ккола гьединго гІумрудул нухда гІемерал къорал рукІинги.



# «ГІОЛИЛАЛ-НАРКОТИКАЗДЕ ДАНДЕ»

Сундуе гIоло гьеб ургъун бугеб? Узухъда, гIарац гьабизе. Кинавниги чи вуго компьютеразде, телефоназде руссун. Дунялалъул жоялъ инсан виччалев гьечIо рекIел бацIцIалъи роцIинабиялде. Нилъеда лъазе ккола халкъ чороклъиялъе сабаблъун нилъго кколеблъи. Нилъеца хвезарулел руго нилъерго лъимал. Америкаялъ хIаракат бахъулеб буго нилъер улка жанисанго бихххизабизе. Гьелъие гIололъун ургъун руго гьел компьютерниял хIаялги. Гьел хIаяз лъимал ругьун гьарулел руго гьитIинго гIадамал чIвазе бацIцIунебги буго гьезул рекIелъан иман.

Нилъеца кIвар кьолеб гьечIо диналъул вацас гьарулел мекъал ишазде. Квер хьвагIун толев вуго гьев. Гьединал рукIинчIо нилъер умумул. Гьез насихIатал гьарулаан, битIараб нухде цIазе хIаракат бахъулаан. КъваригIун буго нилъецаги гьездасан мисал босизе. КIвар кьезе ккола лъаялде. Лъай гьечIев чи гьев ккола хIайван. Гьеб нилъеда бихьулебги буго. Сириялдеги цогидал хIажат гьечIел бакIаздеги гьорлъе цIалел руго гIолилал. Щай? Лъай гьечIолъиялъ руго дол доб ишалде гьорлъе лъугьунел. Бокьараб лъай тIаса бищизе бегьула; букIа медицина, экономика, цогидал рахъал батIалъи гьечIо тIалаб гьабе лъай. Гьелъ хвасар гьавула инсан бокьараб балагьалдаса. Учителасул, эбел-инсул адаб гьабе, рухIияб рахъ лъаялдалъун бечед гьабе, Аллагьас тавпикъ кьеги батIулаб батIулаблъун, битIараб битIараблъун бихьизе Амин.

КIалъазе яхъана полициялъул подполковник Хасайбат Валиева.

-ХIурматиял цIалдохъаби дун кутакалдаса йохарай йиго жакъа, гьадинал берцинал гIолилалгун дандчIваялдаса. Амма нилъеда цебе бугеб суал роххизе ккараб гьечIо. Россиялда 18-гун бащдаб миллион чияс, гьеб ккола 12 %, хIалтIизе гьабулеб буго наркотик. Дагъистаналда гьелъул къадар бахуна 6446 чиясде, гьездасан 78%-МахIачхъалаялъулал. МугIрузул районазда 208 чи, гьездаса 45-ял шприцаздаса пайда босулел.

Лъазе ккола наркоманазул ригь букIунареблъи. Наркотикал бидулъ ратаразул бищун гьитIинасул гIумрудул сонал-0 сон.

Цо-цо Дагъистаниязда кколеб буго анаша наркотик гьечIин, гьеб ккола мекъаб пикру. Анаша буго бищунго заралияб, щай гурого гьелдаса би бацIцIад гьабизе кIоларо.

Наркотиказде бугеб цIайиялдаса рикIкIалъизе, гьелъул хIалбихьарав чиясе кутакалдаса захIмат букIуна. Абула бихьинчияс наку чIвазе кколин лъабго бакIалда. Как балелъул, къулгIадухъ лъим гьекъезе ва эбелалда цебе. Кутакалдасан ракI лъукъула, гьеб заралияб жоялда цебе чанги сахав гIолохъанчияс чIвалел накаби рихьидал. Нижее къваригIун буго сахаб гIел, ниж хисизе кIолел, ярагъунел. Гьединлъидал рекеруге наркотиказда, гIаракъи-чагъиралда хадур. Рекере какде, лъикIал ишазде.

Гьанибго бицине бокьун буго цо притча:

«ВукIун вуго тIалъиялдаго цIар рагIарав гIакъилав чи. Бокьараб суалалъе жаваб кьезе хадув гъолев. Гьеб гьедин гьечIин дагIба бан буго цо къукъаялъ. ХIукму гьабун буго цо къоялъ гьесул хIалбихьизе. ЦIараб къоялъ, цIараб бакIалда ракIарун руго. Гьезул цояс хъатиниб бабочка ккун гьикъун буго:

-Гьаб дир хъатиниб бугеб бабочка чIагоябищ хварабищ абун?

Гьесда ракIалда букIун буго хварабин абуни, чIаго биччазе. ЧIагоябин абуни, хвезе гьабизе. ГIакъилас жаваб гьабун буго: «Гьеб дуда бараб буго»-абун.

Гьединлъидал хириял цIалдохъаби, нужер гIумру, нужер метерисеб къо кинаб букIинебали нужедаго бараб буго. ЦIуне гьеб балагьалдаса.

КIалъазе вахъана районалъул Культураялъул управлениялъул начальник ГIумаров МухIамад.

-ХIурматиял цIалдохъаби! –Инсан заралиял ишазде, наркотиказде, гIаракъи-чагъиралде ва гьелда релъьарал квешал ишазде вачуна жагьиллъиялъ. Гьеб ккола тIоцебесеб суал борхизе кколеб ва жинда данде унго-унгояб рагъ базе кколеб. Жакъа гIолилазда цебе буго бокьараб рахъалде рагьун нух. БукIа абе гьеб спорт, культура, медицина ва гь. ц. Бокьараб тIаса бище ва амма гьеб къабихIлъиялдаса, гIумру чIвалеб, общество хвезабулеб гIамалалдаса рикIкIад чIа. ЦIуне гьелдаса нужго ва сверухълъи.

КIалъаялдаса хадуб МухIамад ГIумаровас хIалтIулъ цебетIей бихьизабурал Культураялъул хIалтIухъабазе кьуна грамотаби.

Ахиралда киназго цIалдохъабигун цадахъ суратги бахъана.

*З. МУХIАМАДОВА.*



## УПРАВЛЕНИЕ СОЦИАЛЬНОЙ ЗАЩИТЫ НАСЕЛЕНИЯ В МО «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН» СООБЩАЕТ!

По состоянию на 05 февраля 2016 года управлением социальной защиты населения в муниципальном образовании «Ботлихский район» перечислены денежные средства на выплату ежемесячного пособия на ребенка (детей) и ЕДВ льготным категориям граждан за 2015 года.

Так, перечислены денежные средства на погашение задолженности по выплате:

– ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг (ЕДВ по ЖКУ) за 2015 год категориям:

«многодетные семьи» в полном объеме,

«реабилитированные лица» в полном объеме,

«специалисты на селе» частично за апрель.

– ежемесячной денежной выплаты (ЕДВ) за 2015 год категориям:

«реабилитированные лица» октябрь - декабрь 2015 года,

«лица, признанные пострадавшими от политических репрессий» октябрь - декабрь 2015 года,

«труженики тыла» октябрь – декабрь 2015 года,

«ветераны труда» - сентябрь – декабрь 2015 года.

Кроме того сообщаем, что за январь 2016 года перечислены денежные средства на осуществление дополнительного пожизненного ежемесячного материального обеспечения участников Великой Отечественной войны 1941-1945 годов.

- ежемесячного детского пособия на детей до 16 (18) лет за октябрь - декабрь 2015 года и январь 2016 года полностью.

---

Управлений социальной защиты населения в МО «Ботлихский район» доводит до получателей, что в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 28 января 2016 года № 42 «Об утверждении индексации 1,07» установлен размер индексации государственных пособий гражданам, имеющим детей, с 1 февраля 2016 года - 1,07.

В связи с этим с 1 февраля 2016 года выплату единовременного пособия при рождении ребенка, единовременного пособия беременной жене военнослужащего, проходящего военную службу по призыву, ежемесячного пособия на ребенка военнослужащего, проходящего военную службу по призыву, ежемесячного пособия по уходу за ребенком с учетом индексации в следующих размерах:

единовременное пособие при рождении ребенка – 15 512,65 руб.;

единовременное пособие беременной жене военнослужащего, проходящего военную службу по призыву – 24 565,89 руб.;

ежемесячное пособие на ребенка военнослужащего, проходящего военную службу по призыву – 10 528,24 руб.;

ежемесячное пособие по уходу за первым ребенком – 2 908,62 руб.;

ежемесячное пособие по уходу за вторым ребенком и последующими детьми – 5 817,24 рубля.

Лицам, предусмотренным абзацем пятым части первой статьи 13 Закона, т.е. матерям либо отцам, другим родственникам, опекунам, фактически осуществляющим уход за ребенком, уволенным в период отпуска по уходу за ребенком, матерям, уволенным в период отпуска по беременности и родам в связи с ликвидацией организаций, максимальный размер пособия, выплачиваемого органами социальной защиты населения, составит 11 634,50 рубля.

Обращаем внимание, что индексация размера единовременного пособия при рождении ребенка на коэффициент 1,07 применяется только в случае рождения ребенка с 1 февраля 2016 года.

**По вопросам обращаться 8(87271) 22-455**

**Зам. нач. управления Ахмедов А.О**

## Информация для сельхозтоваропроизводителей

По аккредитованной испытательной лаборатории и органу по сертификации филиала ФГБУ «Россельхозцентр» по РД

Уважаемые производители сельскохозяйственной продукции!

Доводим до Вашего сведения, что в г. Махачкале действует аккредитованная испытательная лаборатория и Орган по сертификации продукции филиала ФГБУ «Россельхозцентр» по РД.

Лаборатория проводит определение органолептических, физико-химических показателей безопасности растительной зерновой и зернобобовой, плодоовощной продукции и винограда. Также в лаборатории проводят анализы на определение содержания действующего вещества в химических препаратах. Лаборатория снабжена всем необходимым оборудованием (газовый хроматограф, анализатор ртути, нитратометр, сушильный шкаф, электронный микроскоп и мн. другое)

Кроме того, на базе филиала функционирует Орган по сертификации, который на основании проведенных испытаний выдает декларации ТС ТР на вышеуказанную продукцию.

У нас приемлемые цены, высокое качество и короткие сроки выполнения анализов и выдачи деклараций. К каждому заявителю применяется индивидуальный подход.

По всем вопросам и за консультациями по вопросам испытаний обращаться к ведущему токсикологу ИЛ:

Дибировой Ангелине т.8(8722)603213

По вопросам декларирования продукции - к руководителю Органа сертификации – Устарову Шапи Абдуллаховичу т.89298705800, 89640028363

Наш адрес:РД,г.Махачкала,район Учхоза(ул.Даганова 103)

Филиал ФГБУ «Россельхозцентр» по РД

Прием образцов на 2 этаже

## «Есть такая профессия- Родине служить»

В целях обеспечения эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных организаций, оказание по содействия в профессиональном самоопределения, реализации индивидуального потенциала и ориентации их на выбор профессий, получающихся перспективным спросом на рынке труда, повышения информированности учащихся о военных профессиях (специальности), а также патриотического воспитания молодежи центром занятости населения в муниципальном районе «Ботлихский район» совместно с Управлением народного образования района с 15 по 20 февраля была проведена неделя военно-патриотических мероприятий «Есть такая профессия-Родине служить!» среди учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций.

Неделя была проведена по заранее утвержденному плану для данного мероприятия.

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Администрация МР «Ботлихский район» доводит до сведения жителей Ботлихского района, что 27 февраля 2016 г. в администрации района будет проходить прием граждан.

Прием проведет председатель Комитета по ветеринарии Республики Дагестан В.В. Курчаев в рамках проведения ежемесячных выездных приемов граждан руководством органов исполнительной власти Республики Дагестан.

Для предварительной записи на прием обращаться по адресу: с. Ботлих, здание администрации МР «Ботлихский район», 2 этаж, кабинет руководителя аппарата администрации, в рабочие дни с 8:00 до 17:00, кроме перерыва с 12:00 до 13:00. Телефон для справок: 8 928 544 34 36.

---

Утерянные свидетельства о госрегистрации права 05 АА 874864, 05 АА 874865 от 12.08. 2014 г . выданные Ботлихским филиалом Управления Федеральной службы госрегистрации кадастра и картографии на имя Насрудиновой Заиры Сайдулаевны **считать недействительным.**

---

Утерянное свидетельство о госрегистрации права 05 АБ №040957 от 24.04.2015 года выданное Ботлихским ММО Управления Росреестра по РД на имя Саадулаевой Патимат Лабазановны **считать недействительным.**

---

Райбольницаялъул ва поликлиникаялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Сиражудинова ТIавусида гьелъул яс **ЛЕЙЛА** къадаралде щвеялда бан гьелъул гIагарлъиялда ва гьудул-гьалмагъалъиялда.

Алжан насибаб батаги гьелъие.


*Газета гIуцIарал:* *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* *ГI. ГIумаханов*

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова

*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**

*Тираж 1000*

**Мухбирзаби** *З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*